**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 4**
**(281)**

**Нукус-2025**

несмотря на пережитые горести и страдания.

**The History of Famine in Karakalpakstan (Late 19th - Early 20th Century)**

**Opaev B.[1], Kurbaniyazova A.[2]**

*[1]Karakalpak Research Institute of Humanitarian of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus, [2]Nukus State Pedagogikal Institute*

This article examines the history of famine in Karakalpakstan during the late 19th and early 20th centuries. Specifically, it explores the causes, consequences, and tragic fate of the people during the famines of 1911-1912 and 1916-1917. The study notes that the occurrence of famine was influenced not only by natural factors but also by the policies of the Russian Empire. The article highlights the resilience and endurance of the Karakalpak people who lived through these periods of famine, despite experiencing immense hardship and suffering.

---

# XIX ӘСИР АҚЫРЫ XX ӘСИР БАСЛАРЫНДА ТҮРКМЕН ҚАЗЫЛАР СУДЫНЫҢ ҮЙРЕНИЛИЎИ

**Опаев Б.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң баслары түркменлер тарийхы ушын түпкиликли өзгерислер дәўири болды. Бул дәўирде Россия империясының Орта Азиялық регионларға экспансиясы күшейип, жергиликли жәмийетлик ҳәм сиясий структураларға, соның ишинде суд системасына да күшли тәсир етти. Сонлықтан, дәстүрий судларды өтиў дәўириниң әҳмийетли көриниси ретинде үйрениў әҳмийетке ийе.

Түркменлердиң қазылар судының тарийхы колониал дәўирдеги аймақтың социаллық ҳәм ҳуқықый турмысындағы әҳмийетли аспектлерди ашып береди. Бул дәўир түркмен жәмийетиндеги дәстүрий институтлардың өзгериўи ҳәм жаңа ҳуқықый системалардың енгизилиўи менен байланыслы болып, бул теманы үйрениў әҳмийетли.

Бул дәўир Түркменстанда дәстүрий судлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы менен әҳмийетли болды. Империяның тәсири астында жергиликли жәмийеттиң ҳуқықый түсиниги жаңа нызамлар ҳәм қағыйдалар менен толықланды. Дәстүрий судлар тек ғана ҳуқықый машқалаларды шешиў менен шекленбей, регионның социал-экономикалық раўажланыўына да өз үлесин қосты.

Усы мақалада биз XIX әсир ахыры XX әсир басларындағы түркмен қазылар судының структурасын, жумыс принциплерин ҳәм жәмийетке тәсирин үйренемиз. Биз дереклерди анализлеў арқалы сол дәўирдеги ҳуқық системасын тереңирек түсиниўге ҳәрекет етемиз.

Усы дәўирге тийисли түркмен қазылар судының тарийхы бойынша бир қатар шығармалар жазылған. К. Бодениң "О туркменских поколениях: ямудах и гокленах" шығармасы [1] түркменлердиң әдетлери, суд системасы, жаза түрлери бойынша мағлыўмат береди. Бирақ оның изертлеўи тек яўмыт, гөклен урыўлары менен шекленеди ҳәм биз изертлеп атырған дәўирден алдыңғы жылларға тийисли мағлыўматлар есапланады. А.А. Семёнов "Очерки из истории присоединения вольной Туркмении (1881-1885 гг.)" шығармасында [2] түркменлердиң колониал дәўирдеги суд дүзими ҳаққында мағлыўматлар бар, бирақ олардың анализлери жеткиликли емес.

А.Ломакинниң "Обычное право туркмен (адат)" китабы [3] түркменлердиң адат ҳәм шариат судлары бойынша қымбатлы дерек есапланады. Онда судларды шөлкемлестирилиўи, қазылардың сайланыўы ҳәм олардың ўәкилликлери ҳаққында мағлыуматлар бар. 1900-жылы «Исторический вестник» журналында жәрияланған А.П. Андреевтиң "Туркменский суд" мақаласы [4] түркмен қазылар судының структурасы ҳәм жумыс принциплерин ашып береди. Онда суд процесиндеги қатнасыўшылар, суд мәжилислериниң өткерилиў орны ҳәм қағыйдалары анализленеди.

Қараш Хан Оғлы (Иомуд-Хан) ның "Местный суд в Закаспийской области" (Народный суд) китабында [5] "Түркменлердиң даўларды шешиўи", "Халық судларының жағдайы", "Халық судларының ислеў тәртиби", "Халық судларының унамлы тәреплери" сыяқлы бөлимлерге айрықша итибар қаратылады. Бул бөлимлер, түркменлердиң дәстүрлерине тийкарланған қазылар судының өзине тән өзгешеликлерин ашып береди.

Бул дәўирдеги изертлеўлер түркмен қазылар судынын айырым аспектлерине тоқталған болса да, олардың толық анализин бермейди. Бурынғы изертлеўлерде колониал дәўирдеги суд системасынын өзгерислери, дәстүрий ҳуқық ҳәм жаңа ҳуқықый системалардың арасындағы байланыс жеткиликли дәрежеде айдынласпаған.

Усы мақалада биз алдыңғы изертлеўлердеги

бослықты толтырыўға умтыламыз. Биз түркмен қазылар судына комплекслик изертлеў таслап, сол дәўирдеги ҳуқық системасының барлық тәреплерин анализлеймиз.

XIX әсир ақыры ҳәм XX әсир басларындағы түркмен қазылар суды жергиликли жәмийеттиң әҳмийетли бөлеги болған. Оның структурасы жәмийеттиң социаллық дүзилисине ҳәм дәстүрлерине тығыз байланыслы еди.

Қазылар суд системасының орайында турған. Олар, әдетте, тәжирийбели ҳәм абыройлы адамлар есапланған. Олардың баслы ўазыйпасы маселелерди әдил шешиў, қағыйдаларды дурыс қолланыў ҳәм тәреплердиң арасындағы тынышлықты сақлаў болған. Қазыларды сайлаў тәртиби ҳәр түрли еди. Айырым жағдайларда олар урыў баслықлары яки аксақаллар тәрепинен тайынланса, айырым жағдайларда жәмийеттиң ағзалары тәрепинен сайланған. Патша Россиясы түркменлерди толық бойсындырғаннан кейин, оларды тайынлаўда өзгерислер болды. “Халық суды” (Россия ҳүкимети қазылар судын да “халық суды” деп атаған) рус ҳәкимшилигиниң тиккелей басшылығы ҳәм қадағалаўы астына қойылды [6].

А.А. Семёновтың берген мағлыўматларына қарағанда, “Өз ара Ахал менен Тежен түркменлери арасындағы барлық жынаят ҳәм пуқаралық ислер бойынша халық тәрепинен сайланған судьялар арқалы Мары округи баслығы басшылығында халықтың көзқарасы ҳәм үрп-әдетлери бойынша суд дүзиледи. Руслар және мәмлекет мүлкине қарсы адам өлтириў, қарақшылық, тонаўшылық тағы басқа да жынаятлы ҳәрекетлерди иследи деп айыпланған адамлар рус нызамлары бойынша ҳүким етиледи ҳәм жазаланады” деп белгиленген [2, 86-87].

Суд процесинде қазылардан басқа да бир неше қатнасыўшы болған. Муптийлер суд ҳүжжетлерин жүргизиўде қазыларға жәрдем берди, гүўалар өзлери көрген яки еситкен мағлыўматларды бериў арқалы дәлиллерди жеткизиўде әҳмийетли болды.

Аймақлық жақтан алғанда, ҳәр бир аўыл яки урыўдың өз қазылар суды болған. Бул судлардың қадағалаў шеңбери, әдетте, сол аўыл яки урыўдың аймағы менен шекленген.

Түркмен қазылар суды жумысында адат ҳуқықының роли шексиз болған. Адат ҳуқықы жазылмаған қағыйдалардың топламынан ибарат болып, түркмен жәмийети ушын әҳмийетке ийе болған. Адат қағыйдалары жәмийеттиң дәстүрлери ҳәм әдетлерине тийкарланып дүзилген. Адаттан тысқары, шариат нормалары да судларда үлкен әҳмийетке ийе болған. Диний қағыйдалар, әсиресе, шаңарақ ҳәм неке маселелери бойынша қарар қабыл етиўде үлкен әҳмийетке ийе болған.

Суд процеси қатар баскышлардан ибарат болған. Даўагер қазыға арыз берип, өз даўасын баян еткен. Соңынан қазы тәреплерди тыңлап, гүўалардан мағлыўмат жыйнаған. Барлық дәлиллер жыйналғаннан кейин қазы тексерген ҳәм әдил қарар қабыл еткен.

Қазылар суды турмыслық мәселелер бойынша қарар қабыл еткен. Жер даўлары, мүлк бөлистириў, неке ҳәм шаңарақ мәселелери, урыўлық, төбелес ҳәм баска да жынаятлар қазылар судының қараўында болған.

Қазылар судының қарарлары, әдетте, жәмийетлик абырой ҳәм урыўлардың арасындағы байланыслар арқалы атқарылған. Айыппул төлетиў, мүлкти тартып алыў яки жазалаў сыяқлы илажлар қолланылған. Қарарларды атқарыў процессинде жәмийеттиң көмеги үлкен роль ойнаған.

Усы орында түркмен ҳәм қарақалпақ дәстүрий судлары қарарларында уқсаслығын айтып кетиў орынлы деп ойлаймыз. Ломакинниң тастыйықлаўынша, “Ҳүрметли адамлардың бундай жыйналыслары мәжилис ямаса мәсләҳәт (кеңес) деп аталған. Мәсләҳәт жыйналыслары ушын белгили бир ўақыт ҳәм орын болмаған. Әдетте, мәсләҳәтлер ашық жерлерде, мешиттиң қасында ямаса аўылдағы қандай да бир ҳүрметли адамның үйи жанында өткерилген, сонда суд тек аўызеки түрде жүргизилген: тәреплердиң, гүўалардың, экспертлердиң көрсетпелери де, суд шешимлери де, жарасыў келисимлери де жазылмаған. Суд қарары бойынша қазылардың мөри менен тастыйықланған тек еки түрдеги жазба ҳүжжет берилген: сижил (гүўалық) хат ҳәм талақ хат. Ислерди талқылаўға тәреплер де, олардың гүўалары да, сондай-ақ барлық қәлеўшилер де қатнасқан. Түркменлер арасында жүзеге келген барлық ислер жарасыў менен жуўмақланыўы мүмкин болған пуқаралық ислер сыпатына ийе болған” [4, 50].

Бундай мәсләҳәт жыйналыслары қарақалпақлар арасында да болған. Ақсақаллар менен кәтқудалардың шешими ҳәмме ушын нызам күшине ийе болды. Айыпкерлер қамшыланатуғын еди, жийи жағдайда олар арбаға байланып қамшыланатуғын болған. Гейде бул жазаның орнына айыпкерлер аўылдан көширип жиберилетуғын еди. Ал базы бир жағдайда гүналы адамға қарар менен “жаман адам” деген ат танылған. Усыған байланыслы 1961-жылы Тахтакөпир районындағы Айымбет ийшан мешитинен табылған ҳүжжет қызығыўшылық туўдырады. Онда, бир аўылдан болса керек, 18 адам, соның ишинде ийшан, хожа ҳәм шайық белгисиз еки адамды жаман адамлар деп атағаны көрсетилген. Усындай қарар шығарылғаннан

кейин ҳәмме, әлбетте, оларды жаман адам деп атап, олардан шетлеўге ҳәрекет етеди [7, 179].

Белгили шығыстаныўшы алым, Стамбул университетиниң профессоры, Ахмед Заки Валиди өзиниң естеликлери бойынша жазған китабында шығыстаныўдағы пүткил бир дәўирди қураған илимий ҳәм сиясий искерлигин жарытып, қарақалпақлардың ҳуқықый үрп-әдетлериниң башқуртлар менен уқсаслықларын жазады: "Қоңырат пенен Шымбайдың арасындағы Нөкисте башқурт урыўлары жасайды, олар бул жерге бир неше әсирлер бурын көшип келген. Бул жерде башқурт ямаса естеклердиң урыўлары Маңқанай, Қайыпназар, Қаратеренши, Қалмуртайлы деп аталады. Қарақалпақлар башқуртлар сыяқлы төбешикте халық жыйынын өткереди, бизлер де оны "жыйын" деп атаймыз" [8, 29-30].

Бул мағлыўматларды салыстырып, мынадай жуўмаққа келиўге болады: бундай уқсаслықлар түркий тиллес халықлар арасында шариат тийкарында жумыс ислеген қазы судлары үстемлик еткен дәўирде де әдеттеги ҳуқықтың сақланып қалғанынан гүўалық береди.

Шығыс Кавказда таўлылардың айырым халық үрп-әдетлери, дәстүрли халық нызамы, усы үрп-әдетлердиң жазба дереклери, ҳәтте гейде ертедеги суд қарарларының жазбалары да "адат" деп аталады. Мусылманлардың жазба нызамы шәриат деп жүритиледи. Кавказда "таў судлары" деп аталған дәўирде рус ҳәкимияты ҳәм судьяларына адат пенен есапласыўға туўры келген [4:19].

XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң баслары түркмен жәмийетинде қазылар судының тәсири шексиз болған. Бул судлар тек ғана даўларды шешиў емес, ал жәмийетлик тәртипти сақлаў, бирликти беккемлеў ҳәм ҳуқықый мәдениятты раўажландырыўда да әҳмийетли роль ойнаған.

Қазылар суды жәмийетте пайда болған келиспеўшиликлерди ҳәм даўларды шешиўде әҳмийети жоқары болды. Қазылардың хызмети тек ғана ҳуқықый даўларды шешиў менен шекленбей, ал жәмийетлик тынышлықты сақлаўға да қаратылған. Қазылардың қарарлары жергиликли халық тәрепинен әдил ҳәм қалыс деп қабыл етилген, бул да суд системасына болған исенимди арттырған. Даўларды шешиўде адат ҳәм шариаттың қағыйдалары қолланылып, қарарлардың жергиликли жәмийетке сай келиўи тәмийинленген.

Жынаятларға қарсы гүресиў ҳәм жазаларды белгилеў арқалы қазылар жәмийетте тәртиптиң орнатылыўына үлес қосқан. Қазылардың қарарлары арқалы жәмийетте әдил қарым-қатнас орнатылған, кимде-ким зулымлық етсе жазасын алған. Қарарларды атқарыў процесинде жәмийетлик көзқарас есапқа алынған ҳәм жәмийеттиң пикири қарарларды атқарыўға тәсир еткен.

Қазылар суды жәмийетти бирлестириўде де әҳмийетли орын тутқан. Даўларды әдил шешиў арқалы қазылар түркмен жәмийетиниң бирлигин сақлаған. Урыўлар ҳәм байлар арасында пайда болған келиспеўшиликлерди қалыс шешиў арқалы қазылар урыўлар арасындағы тынышлықты сақлаған.

Қазылар суды түркмен жәмийетинде ҳуқықый сана сезими ҳәм мәдениятты қәлиплестирген. Халықты өз ҳуқықлары ҳаққында хабардар қылып, ҳуқықый әдетлерди раўажландырыўға үлес қосқан. Жергиликли ҳуқықый дәстүрлерди сақлап қалыў ҳәм оларды кейинги әўладларға жеткериўде қазылардың роли шексиз болған.

Усы мақалада биз XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басларындағы түркмен қазылар судынын структурасын, жумыс принциплерин ҳәм жәмийетке тийгизген тәсирин үйрендик. Изертленген дереклерди анализлеў нәтийжесинде түркмен қазылар суды өз структурасы, жумыс принциплери ҳәм де ҳәкимлиги менен жергиликли жәмийеттиң турмысында әҳмийетли роль ойнағанлығын, қазылар суды қазылар, муптийлер тағы басқа да қатнасыўшылардан ибарат еди ҳәм әдет ҳуқықы ҳәм шариат қағыйдаларына тийкарланып жумыс ислеген, қазылар суды тек даўларды шешиў менен шекленбестен, жәмийетлик тәртипти сақлаў, жәмийетти бирлестириў ҳәм ҳуқықый мәдениятты раўажландырыўда да әҳмийетке ийе болғанлығын ҳәм колониаллық дәўирде суд системасында өзгерислер жүз берген, бирақ дәстүрий қазылар судлары өз әҳмийетин сақлап қалғанлығынлығы бойынша нәтийжелер алынды.

Жуўмақлап айтқанда бул изертлеў түркмен қазылар судының функциялары, роли ҳәм тарийхый әҳмийети ҳаққында түсинигимизди арттырды. Бирақ бул тема бойынша изертлеў еле де даўам етилиўи керек. Келешекте колониал дәўирдеги суд реформаларының түркмен қазылар судларына тәсири, суд системасындағы өзгерислердиң жәмийетлик турмысқа тийгизген тәсири, түркмен ҳуқықый мәдениятының модернизациясы жәнe раўажланыўы ҳәм шегаралас регионлардың суд системаларын салыстырма анализин изертлеўди усыныс етип қаламыз.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Боде К. О туркменских поколениях: ямудах и гокленах // Записки русского географического общества. – СПб., 1847.
2. Семёнов А.А. Очерки из истории присоединения вольной Туркмении (1881-1885 гг.). — Ташкент, 1909.
3. Ломакин А. Обычно права туркмен (адат). – Асхабад, 1897.
4. Андреев А.П. Туркменский суд. // Исторический вестник. №8, 1900.
5. Караш Хан Оглы (Иомуд-Хан). Местный суд в Закаспийской области (Народный суд). Историко-критический очерк. – Ташкент: Типография О.Г.П.У. Туркреспублики, 1922.
6. Электрон ресурс: https://biblio.kz/m/articles/view/Управление-Туркестанским-краем-реальность-и-правовые-мечтания-60-е-годы-XIX-в-февраль-1917-года. Қаралған ўақыты: 22.10.2025. 15:12.
7. Қарақалпақстан АССРы тарийхы. 1-т. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1975.
8. Заки Валидий Тоган. Воспоминания. Книга II. – Уфа: Китап, 1998.


**Qoraqalpog'istondagi ocharchiliklar tarixi (XIX asr oxiri XX asr boshlari)**


**Opaev B.**

*O'zbekiston Respublikasi Fanlar akademiyasi Qoraqalpog'iston bo'limi Qoraqalpoq gumanitar fanlar ilmiy-tadqiqot instituti, Nukus*



Ushbu maqola XIX asrning oxiri va XX asrning boshlarida yashagan turkman xalqining qozilar sudining tarixini o'rganishga bag'ishlangan. Qozilar sudi, ayniqsa, Rossiya imperiyasining ekspansiyasi davrida turkman jamiyatida muhim o'rin egallagan. Maqolada qozilar sudining tuzilishi, ish prinsiplari, qozilarning tayinlanishi va ahamiyati muhokama qilinadi. Turkmanlarning urf-odatlariga asoslangan huquqiy normalar tizimi – "adat" an'anaviy sudlarning asosiy qonunchiligi bo'lgan. Qozilar yer nizolari, uy-joy muammolari, nikoh va meros masalalarini hal qilganlar. Maqolada tarixiy manbalar asosida qozilar sudining adolatli va xalq orasida obro'li bo'lganligi isbotlanadi. Shuningdek, qozilarning qaror qabul qilishdagi ta'siri va adolat tamoyillari ham ko'rib chiqiladi. Qozilar sudining turkman jamiyatidagi o'rni va ahamiyati, uning davr talablariga moslashish tendensiyalari tahlil qilinadi.


**Туркменский суд казиев в конце XIX - начале XX веков**


**Опаев Б.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*



Статья посвящена изучению истории судов казиев туркменского народа конца XIX - начала XX веков. Суд казиев занимал важное место в туркменском обществе, особенно в период экспансии Российской империи. В статье рассматриваются структура, принципы работы, назначение и значение судов казиев. Система правовых норм, основанная на обычаях туркмен “адат”, составляла основу законодательства традиционных судов. Казии разрешали земельные споры, жилищные вопросы, дела о браке и наследстве. На основе исторических источников в статье доказывается, что суд казиев был справедливым и пользовался авторитетом среди народа. Также рассматривается влияние казиев при принятии решений и принципы справедливости. Анализируются роль и значение суда казиев в туркменском обществе, а также тенденции его адаптации к требованиям времени.


**The Turkmen Court of Qazis in the Late 19th - Early 20th Centuries**


**Opaev B.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*



This article examines the history of Turkmen qadi courts in the late 19th and early 20th centuries. The qadi courts held a significant position in Turkmen society, particularly during the Russian Empire's expansion. The article explores the structure, operational principles, purpose, and importance of these courts. The legal system based on Turkmen customs, known as “adat”, formed the foundation of traditional court legislation. Qadis resolved land disputes, housing issues, and matters related to marriage and inheritance. Drawing on historical sources, the article demonstrates that the qadi courts were fair and held in high esteem by the people. The influence of qadis in decision-making and the principles of justice are also discussed. The article analyzes the role and significance of qadi courts in Turkmen society, as well as their adaptation to the changing demands of the time.

# ТРАНСФОРМАЦИЯ СВАДЕБНЫХ ОБРЯДОВ КАРАКАЛПАКОВ
## (традиции и появление новых практик)

**Камалова Р.С.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, г. Нукус*

Полевые исследования, охватывающие конец XX – начало XXI вв. позволяют наблюдать, что несмотря на глубокие социально-экономические перемены в Каракалпакстане, многие обычаи, связанные со свадьбой и семейной жизнью, продолжают существовать, хотя и претерпевают трансформации.

Интерес к семейно-бытовым обрядам каракалпаков восходит к XIX веку, но систематизация и этнографический анализ стали возможны только в XX веке с ростом национальной науки и этнографических экспедиций. Работы таких учёных, как Т.А. Жданко (1947), У.Кусекеев (1924), С.К. Камалов (1959), Х.Есбергенов (1963), А.Бекмуратова (1969), Х.Есбергенов, Т.Атамуратов (1975) и др. дали богатый материал, показывающий, что семейные обряды – это не просто пережиток прошлого, а живой механизм, через который передаются нормы, языковые формы, обычаи и идеалы.

Семья у каракалпаков традиционно выступает как ядро социализации: в ней ребёнок впитывает этнические нормы, участвует в обрядах, учится языку, формам поведения и роли. Передача опыта и знаний от старшего поколения к младшему – ключ к сохранению этнической идентичности.

Свадебные обряды в этом контексте занимают центральное место. Свадьба – обряд перехода, который не просто меняет статус человека, но включает в себя взаимодействие с родом, обществом и культурой. Через свадьбу проявляются родственные связи, представления о чести, обязанностях, взаимоуважении.

Особо интересна свадебная обрядность в полиэтничной среде Каракалпакстана: в контактах с узбеками, туркменами, таджиками происходят заимствования, смешения форм, символов, терминов, но при этом сохраняется ядро традиции.

В каракалпакском традиционном обществе вступление в брак считалось необходимым этапом жизненного пути. Исключение могли составлять лишь те, кто имел физические или психические ограничения. Родители, как правило, стремились как можно раньше устроить брачную судьбу своих детей, особенно дочерей, так как ранний брак рассматривался как гарантия социальной защищённости, стабильности и продолжения рода.

Существенное значение в структуре брачных отношений имело правило старшинства: пока старшие сыновья и дочери не вступали в брак, младшие не могли жениться или выходить замуж. Такая иерархическая последовательность подчёркивала уважение к возрасту и место индивида в родовой системе.

В целом брак рассматривался как неразрывный и долговременный союз. Разводы были редки и допускались лишь в исключительных случаях: при нарушении норм родства, насильственном вступлении в брак, супружеской измене или бесплодии женщины. Последний фактор особенно остро воспринимался обществом, так как продолжение рода, рождение детей – одна из ключевых функций женщины в традиционном каракалпакском обществе.

Особый интерес с этнографической точки зрения представляет феномен алып кашыу – традиционное похищение невесты, практиковавшееся у каракалпаков, как и у многих кочевых и полукочевых народов Центральной Азии. Этот обряд, хотя внешне и носил форму насильственного увода, зачастую происходил с согласия девушки, но не всегда с одобрения её родителей. Причины могли быть различными: от экономической невозможности заплатить калым до несоответствия между семьями по социальному положению.

В брачных обрядах каракалпаков особое значение занимает калым – «калын мал», который традиционно выражался в натуральной форме, преимущественно скотом и лошадьми. По данным этнографических материалов, например, до середины XIX века именно скот выступал основной формой калымной платы, что отражало аграрно-скотоводческий уклад общества (Есбергенов, 1975: 51). Начиная с XIX века, как отмечают старожилы и этнографы, калым постепенно стал переходить в денежную форму, при этом сохранялась его важность как символ уважения к семье невесты и серьёзности намерений жениха.

Подобные обычаи можно наблюдать и у соседних народов – казахов, узбеков и туркмен, где калым также служит компенсацией родителям невесты за её уход из родного дома (Сухарева, 1978: 120). В частности, во время полевых исследований наблюдалось, что размер калымной платы зачастую носит символический характер и сопровождается богатыми подарками и торжественными церемониями, что подчёркивает ритуальную сторону процесса и социальный статус участвующих семей (ПМА, 2022: 4).

Дарообмен между семьями жениха и невесты, широко развитый у каракалпаков, имеет свои особенности, подтвержденные полевыми записями из Тахтакупырского района (ПМА,